



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS ETA YO POU YO PREPARE POU GWO LAPLI AK INONDASYON POSIB WIKENN SA A

Konbinezon lapli, nèj k ap fonn ak glas rivyè ka lakoz inondasyon lokalize

Tanpèt loraj ak rafal van posib samdi apremidi ak aswè nan tout Nouyòk Santral ak Lwès Nouyòk

Posib pou gen 2.5 a 3.8 cm (1-1.5 pous) lapli ke yo prevwa nan tout eta a pou dimanch ak total izole jiska 5cm (2 pous) posib

Yo pibliye Alèt Inondasyon pou dimanch maten jiska lendi aswè atravè North Country, Mohawk Valley ak Rejyon kapital la

Gouvènè Kathy Hochul te mande ajans Eta yo jodi a pou prepare yo pou gwo lapli ak potansyèl inondasyon lokalize, pandan li te avèti Nouyòkè yo, paske yo prevwa ke kèk pati nan eta a prevwa afekte pa peryòd gwo lapli wikenn sa a. Samdi apremidi ak aswè ka pote tanpèt loraj ak rafal van nan tout pati nan Nouyòk Santral ak Lwès Nouyòk. Dimanch prevwa pote gwo lapli lokalman regilyè nan tout eta a ak 2.5 a 3.8 cm (1-1.5 pous) previzyon lapli ak total izole jiska 5 cm (2 pous) posib. Genyen tou potansyèl pou rafal van nan kèk zòn nan Lwès NY, Finger Lakes, NY Santral ak Long Island. Black River a ak lòt vwa navigab ki nan Konte Jefferson ak Lewis yo ta ka an danje pou inondasyon dimanch rive lendi, ansanm ak Konte Oswego ki kounye a gen yon akimilasyon nèj ki rive 60 cm (2 pye) pwofondè nan kèk zòn. Inondasyon posib tou nan kèk pati nan Sacandaga, Mohawk ak nò Rivyè Hudson ansanm ak Lwès Canada Creek nan kòmansman semèn pwochèn.

"Mwen te mande Administrasyon mwen an pou mobilize ak prepare pou gwo lapli ak potansyèl inondasyon wikenn sa a pandan n ap travay pou asire sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon yo, pou yo kontwole previzyon lokal nou yo, epi pou yo rete okouran tanpèt la pandan tanpèt la ap afekte eta a."

Yo te pibliye Avètisman pou Inondasyon pou anpil zòn nan eta a jiska samdi. Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan alerts.weather.gov. Nou ankouraje Nouyòkè yo tou

pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan alert.ny.gov, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans enpòtan sou telefòn ak òdinatè ou.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite demann pou asistans yo. Rezèv eta yo gen pèsònèl epi yo pare pou deplwaye resous entèkansyon ijans ak atik jan sa nesèsè. Sant Siveyans Eta a ap siveye tras tanpèt la ak enpak yo nan tout eta a ak anpil atansyon.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò (DOT) Eta a pare pou li entèvni avèk plis pase 3,763 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Anplwaye depatman an ap kontwole aktivman zòn ki gen pwoblèm epi pare pou poze aksyon jan sa nesèsè pou atenyè inondasyon. Anplwaye yo ka konfigire nan nenpòt kalite ekip entèkansyon ki nesèsè, sa gen ladan entèkansyon nan ka inondasyon, dechiktez, chaj ak transpò, aparèy presyon dlo pou egou, koupe ak lanse, siyal trafik, elatriye. Ekip DOT yo ap tcheke ak netwaye drenaj yo ak ponso yo yon fason pwo-aktif tou.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,607 gwo kamyon abèn baskil
- 353 gwo chajè
- 89 dechiktèz
- 84 ekskavatriks ak wou ak cheniy
- 14 kamyon aspiratè ak jè egou
- 11 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite <https://www.511ny.org/#:Alerts>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta Nouyòk la.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway gen 693 operatè ak sipèvizè prepare pou reponn nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak inondasyon oswa move tan atravè eta a ak ti kamyon chasnèj/a bèn, ekskavatè tay mwayen, gwo chajè, kamyon vakyòm, ponp pòtatif, tronsonez, dechiktez a bwòs ak lòt ekipman. Anplis de sa, ekip Antretyen Divizyon yo ap enspekte, netwaye epi antreteni fose yo, ponso ak drenaj tanpèt yo yon fason pwo-aktif pou kanalize dlo tanpèt yo byen lwen sifas wout yo ak sou platfòm woutye yo pou anpeche inondasyon sou wout la.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la. Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) la ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta Nouyòk (New York State Department of Public Service) la

Konpayi sèvis piblik Nouyòk yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvanasyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk, jan sa nesèsè. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta Nouyòk

Lapolis Eta Nouyòk te bay enstriksyon ak Manm Patwouy yo pou yo rete vijilan epi pral deplwaye pèsonèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Tout veyikil a kat wou yo an sèvis epi tout veyikil espesyalize yo ak moto nèj yo pare pou deplwaman.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Gad Forè, yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, DEC prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak potansyèl gwo lapli ak inondasyon ka lakòz.

DEC raple ofisye lokal yo pou yo veye si gen anbouteyaj glas k ap fonn ak potansyèl inondasyon nan kominote yo. Anbouteyaj glas yo se yon gwo danje ki rive lè glas kraze epi moso yo anpeche yon riso koule, sa ki lakoz yon rivyè ki monte rapidman ak inondasyon. Yo ankouraje minisipalite yo pou reyalize evalyasyon lokal pou potansyèl anbouteyaj glas nan zòn ki gen tandans inonde yo epi pou retire nenpòt glas oswa debri bwa ki akimile. Pèmi ak otorizasyon DEC pa obligatwa pou retire debri amwenske retire debri yo ak/oswa itilize ekipman lou ap deranje riv oswa fon kanal kouran dlo yo. Yo konseye minisipalite ak gouvènman lokal yo pou kontakte Administratè Pèmi Rejyonal DEC yo si li nesèsè pou yo bay asistans oswa pou detèmine si yon pèmi nesèsè.

Si yon pèmi nesèsè, DEC ka bay [Otorizasyon Ijans](#) pou akselere apwobasyon pwojè yo nan plas yon pèmi endividyèl. DEC apwouve otorizasyon ijans pou sitiyan yo konsidere kòm ijans, baze sou pwoteksyon imedyat lavi, lasante, byennèt jeneral, pwopriyete oswa resous natirèl. DEC kowòdone avèk ajans patnè yo—ki gen ladan DHSES ak DOT—sou siveyans ak repons a potansyèl anbouteyaj glas.

Gen enfòmasyon adisyonèl sou inondasyon anbouteyaj glas, enfòmasyon kontakte pou asistans ijans, ak egzijans pèmi yo disponib sou [sitwèb DEC](#).

Move tan enprevizib ak tanpèt nan Adirondacks, Catskills ak lòt rejyon andeyò peyi a, kapab kreye kondisyon danje sanzatann. Vizite yo ta dwe prepare ak bon rad ak ekipman apwopriye pou lapli, nèj, glas ak fredri pou asire yon eksperyans eksteryè ki an sekirite. Santye ki gen kondisyon miks nèj, glas ak labou.

Yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ansanm ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb [Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack la](#) pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmti wout sezon yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral. Moun k ap vizite rejyon andeyò yo ta dwe [fè pridans](#) epi swiv bon jan gid sekirite. Planifye vwayaj kòm sadwa. Nan ka ijans, rele 9-1-1. Pou mande asistans Gad Forè, rele 1-833-NYS-RANGERS.

Avèk tanperati ki pi cho yo prevwa pandan wikenn nan rive semèn pwochèn, DEC raple amater deyò yo pou yo sonje [kondisyon yo lè w ap fè yon randone](#) epi pou yo pran prekosyon lè y ap antre nan glas. Pandan ke kèk vwa navigab yo ka parèt jele, DEC konseye amatè aktivite deyò yo pou [revize konsiy sekirite sou glas yo](#) anvan yo deplase.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alètte epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe vizite [parks.ny.gov](#), [aplikasyon mobil gratis](#), oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman, lè ouvèti ak fèmti pak yo.

Mezi Nouyòkè yo ka pran anvan ak pandan yon inondasyon pou yo rete an sekirite:

- Konnen kalite risk inondasyon zòn ou an - vizite [Sant Sèvis Kat Inondasyon FEMA](#) a.
- Genyen yon [plan ijans](#) kont inondasyon ki an plas ki gen ladann konsiderasyon pou pitit ou yo, bèt kay yo ak vwazen yo,
- Si w ap viv nan yon zòn ki gen tandans sibi inondasyon, dokimante afè w yo ak bagay ki gen valè yo. Kenbe dokiman enpòtan yo nan yon resipyan ki enpèmeyab. Kreye kopi dijital ki pwoteje ak modpas pou dokiman enpòtan, foto, ak lòt bagay yo.
- Jwenn kouvèti asirans pou inondasyon nan kad [Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal](#) (National Flood Insurance Program, NFIP) la. Politik pwopriyete kay yo pa kouvri inondasyon.
- Siveye previzyon metewolojik lokal ou a epi swiv nenpòt avètisman yo ka emèt.
- Si ofisyèl ijans yo konseye w pou pran aksyon imedyata tankou evakyasyon, pa tann - swiv tout lòd yo san pèdi tan.

- Vwayaje pandan yon inondasyon kapab trè danjere. Yon pye dlo k ap deplase kapab pote yon machin ale. Pa janm mache, naje oswa kondwi nan dlo inondasyon yo. Si w gen dout, sonje: "Retounen, Pa Nwaye!"
- Konsidere moun ki gen aksè ak bezwen fonksyonèl pou detèmine si yo pare pou yon ijans inondasyon kote y ap viv ak travay.

Ti Konsèy Sekirite pou Loraj:

- Si w ka tande tonè a, ou pre loraj la ase pou zeklè a frape w. Ale nan yonabri sekirize imedyatman.
- Ale nan yon batiman ki solid. Pa pranabri nan ti kabin yo, anba pye bwa ki izole yo, oswa nan otomobil ki konvètib yo.
- Si gen kout zèklè epi pa genabri solid ki disponib, antre nan yon otomobil kote tèt li solid epi kite vit yo monte.
- Soti nan bato yo epi rete lwen dlo.
- Liy telefòn yo ak tiyo an metal yo ka kondwi kouran. Dekonekte aparèy ki pa nesèsè pou jwenn enfòmasyon meteyowolojik yo. Evite itilize telefòn oswa nenpòt aparèy elektrik.
- Pa benyen ni pran douch.
- Etenn èkondisyone - gwo tansyon ki soti nan zèklè ka sichaje konpresè yo.
- Ale nan altitud ki pi wo yo si li posib pou gen inondasyon rapid oswa inondasyon.
- Pa eseye kondwi pou al mete ou an sekirite - laplipa lanmò nan inondasyon rapid yo rive nan otomobil yo.
- Si w deyò, jwenn yon kote ki ba lwen pye bwa, kloti ak poto.
- Si w nan rakbwa, pran refij anba pye bwa kout.
- Si ou santi pikotman oswa cheve ou kanpe, koupi byen ba a tè a sou pwent pye ou; mete men ou sou jenou ou avèk tèt ou nan mitan yo; fè tèt ou vin pi piti sib posib; epi minimize kontak ou ak tè a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon ak konsèy sou sekirite nan men DHSES, vizite dhSES.ny.gov/safety. Sit entènèt Sèvis Meteyo Nasyonal la gen ladan tou Konsèy pou Sekirite nan ka Inondasyon ak Resous pou Sekirite nan Prentan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)